

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Novel mangrupa karya sastra hasil cipta manusa dina wangun lancar anu sifatna fiksional atawa imajinatif, sok sanajan imajinatif tapi teu ngandung unsur pamohalan saperti dongéng. Carita anu digambarkeun dina novel mangrupa kahirupan sapopoé anu nyampak di masarakat. Novel Sunda salasihiji novel anu kentel sarta raket patalina jeung kahirupan masarakat Sundana. Numutkeun Rosidi (2013, kc.46) novel Sunda nu mimiti medal nyaéta *Baruang Ka Nu Ngarora*, pangarang novel ngagambarkeun kahirupan sapopoé nu nyata, kahirupan masarakat Sunda dina jaman kultur-stélsel nu jadi jajahan feodal. Novel “*Lain Éta*” karya Moh. Ambri terbit sabada novel *Baruang Ka Nu Ngarora*. Dina sajarah kasusastraan Sunda novel *Lain Éta* diajén mangrupa salasihiji novel anu nyongcolang, nu mingkin nguatkeun Moh. Ambri minangka maéstro dikalangan sastra Sunda (Muhtadin dina Moh. Ambri, 2011 kc.5).

Dina karya fiksi, karakteristik palaku ngagambarkeun kapribadian hiji jalma. Kapribadian palaku dina karya sastra saéstuna eunteung tina kahirupan nyata. Karya sastra mangrupa wangun imajinatif tina kahirupan nyata, raket patalina jeung kahirupan sosial sarta kapribadian hiji jalma. Kapribadian atawa potrét jiwa dina karya sastra anu digambarkeun ku pangarang salian ti ngawakilan jiwa pangarangna sorangan, ogé bisa jadi ngawakilan kapribadian jalma séjén. Pangarang méré karakter ka palaku dina carita ngaliwatan tinimbangan anu daria, sangkan éta karakter merenah jeung diri palaku.

Kapribadian mindeng dihubungkeun jeung hadé goréngna paripolah hiji jalma, atawa kabiasaan goréng jeung kabiasaan alus nu sok dipilampah ku hiji jalma. Numutkeun Sunaryo (2004, kc.101) dina umumna kapribadian individu digambarkeun sacara *dikotomi*, nyaéta kapribadian anu hadé jeung kapribadian anu goréng. Kapribadian miboga harti anu lega sabab sawangan para ahli béda-béda dumasar kana hasil panalungtikan.

Kapribadian diwangun ti mimiti lahir, dimodifikasi ku pangalaman budaya sarta pangalaman unik nu bisa mangaruhan dirina salaku individu (Minderop, 2016 kc.4). Hakékatna kapribadian sakabéh jalma aya dina kaayaan alus. Kawangunna kapribadian hiji jalma sarta barobahna dipangaruhan ku alam sabudeureuna, kabudayaan anu béda jeung pamikiran-pamikiran luar anu matak harénghéng. Kapribadian téh bisa ditilik tina paripolahna, tina polah ucapna atawa cara ngomong hiji jalma ka jalma séjén, anu bisa ngabalukarkeun ayana konflik, boh konflik individu jeung individu boh konflik individu jeung kelompok boh kelompok jeung kelompok.

Aspék kapribadian dina novel euyeb pisan. Unggal palaku miboga kapribadian anu béda sarta ayana parobahan kapribadian palaku. Kapribadian anu nyampak dina diri palaku bisa dianalisis ngaliwatan studi sastra, utamana tiori sastra dina hal pamarekan. Salasahiji pamarekan sastra pikeun nganalisis kapribadian nyaéta psikologi sastra. Psikologi sastra miboga tujuan pikeun ngaréngsékeun jeung ngaguar pasualan anu aya patalina jeung unsur-unsur kajiwaan palaku nu aya dina carita (Ratna dina Rakhman, 2013 kc. 2). Kitu ogé pamadegan Ratna (dina Minderop, 2016 kc. 54) yén dina hakikatna psikologi sastra méré perhatian kana masalah unsur kajiwaan palaku fiksional anu aya dina karya.

Psikologi sastra nyaéta gabungan élmu psikologi jeung sastra. Enas-enasna psikologi gumelar pikeun nalungtik kajiwaan manusa, sedengkeun sastra mangrupa hasil tina kreatifitas pangarang dina nyipta hiji karya nu ngalibetkeun para palaku. Psikologi sastra dipaké pikeun ngaguar unsur kapribadian nu kagambar tina paripolah palakuna. Nu bisa dianalisis dina psikologi sastra salian aspek kapribadian palaku dina carita, ogé bisa dianalisis kapribadian atawa kajiwaan pangarangna, sarta kapribadian atawa kajiwaan pamacana.

Panalungtikan psikologi sastra miboga peranan anu penting dina pamahaman sastra, sabab miboga sababaraha kaonjoyan, saperti: 1) pikeun ngaguar leuwih nyosok jero deui aspek perwatakan, 2) pikeun méré umpan-balik ngeunaan pasualan perwatakan nu dimekarkeun ka panalungtik, 3) ieu panalungtikan mantuan pikeun nganalisis karya sastra nu raket jeung pasualan-pasualan psikologis (Endaswara dina Minderop, 2016 kc.2). Mikanyaho patalina

psikologi jeung sastra aya tilu cara, nyaéta: 1) nalungtik kajiwaan pangarang salaku nu nyipta karya, 2) nalungtik unsur-unsur kapribadian palaku fiksional dina karya sastra, jeung 3) nalungtik unsur-unsur kajiwaan nu maca. Dina enas-enasna psikologi sastra, leuwih nyoko kana nalungtik unsur-unsur kapribadian palaku fiksional dina karya sastra (Ratna, 2009 kc. 343).

Ku kituna merenah saupama karya sastra dina wangun novel nu judulna “*Lain Éta*” karya Moh. Ambri dianalisis ngagunakeun pamarekan psikologi sastra, sabab dina ieu novel euyeub ku palaku sarta euyeub ku kapribadian palaku anu mangrupa aspék kajiwaan. Novel “*Lain Éta*” Karya Moh. Ambri dipilih jadi objék panalungtikan sabab saupama nilik ka pangarangna, Moh. Ambri salasahiji pangarang Sunda anu miboga ciri has ti nu lianna. Moh. Ambri kaasup jalma anu realis, bisa ngagambarkeun kanyataan hirup sacara terang-terangan (Rosidi, 2013, kc.47). Nilik kana eusina, novel “*Lain Éta*” nyaritakeun kahirupan ménak dina soal jodo, ménak atawa turunan ménak kudu kawin ka nu sadarajat atawa kudu sakupu. Antukna Néng Éha anu jadi palaku utama dina ieu novel kakaburan, alatan dikawinkeun ku bapana ka turunan ménak tapi lain lalaki anu dipiasihna. Salila kakaburan Néng Éha milampah hal nu teu bener. Di dieu ayana parobahan kapribadian palaku. Ku sabab kitu, ngaliwatan ieu novel nyoba nalungtik kapribadian ménak-ménak nu kaiket kénéh ku jojodoan indung bapana.

Cara umumna novel *Lain Éta* ogé ditulis dina gaya réalisme. Ku gaya réalisme Moh. Ambri mampuh ngagambarkeun pasualan-pasualan éésensial anu hirup di masarakat Sunda awal abad ka-20 ku cara anu basajan tapi cerdas napak dina adat kabiasaan anu nyata. Ku kituna nepi ka ayeuna ieu novel “*Lain Éta*” geus sababaraha kali dipindo citak. Lain saukur Balé Pustaka nu kungsi nerbitkeun ieu novel, Rahmat cijulang ogé kungsi. Ayeuna diterbitkeun deui ku Kiblat Buku Utama (Muhtadin dina Ambri, 2011 kc.5).

Panalungtikan ngeunaan psikologi sastra kana novel geus réa nu katitén, diantaranya: “Aspek Kapribadian Dina Novélét *Catetan Poéan Réré* (CPR) Karya Ai Koraliati (Kajian Struktural jeung Psikologi sastra)” ku Tatang Zelani taun 2015. “Karakteristik Tokoh dina Novel *Prasasti Nu Ngancik Na Ati* karya Popon Saadah pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Tilikan Psikologi Sastra)” ku Deuis Santika taun 2015. “Karakteristik Tokoh-Tokoh Dina Novel *Rajapati Di*

Pananjung Karangan Ahmad Bakri (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra)” ku Adisti Nur Aziza taun 2016. “Novel *Imutna Nu Panungtungan* Karangan Ahmad Bakri Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di Kelas XI SMA (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra)” ku Karin Nur’ayyuni taun 2017.

Katitén tina éta judul-judul, sanajan sarua ngagunakeun pamarekan psikologi sastra, tapi ieu panalungtikan objékna béda jeung panalungtikan saméméhna. Ieu panalungtikan judulna “Ulikan Strukturalisme Jeung Psikologi Sastra Kana Kapribadian Palaku Dina Novel *Lain Éta* Karya Moh. Ambri”, nu jadi objék panalungtikanna nyaéta novel *Lain Éta*. Saméméhna can kungsi aya panalungtikan nu ngaguar novel *Lain Éta* karya Moh. Ambri.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang masalah nu geus dipedar, masalahna baris dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita (tema, fakta carita, jeung sarana sastra) dina novel *Lain Éta* Karya Moh. Ambri?
- 2) Kumaha kapribadian palaku dina novel *Lain Éta* Karya Moh. Ambri?
- 3) Kumaha kritik kana kapribadian palaku dina novel *Lain Éta* tina sudut pandang psikologi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan kagiatan ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan hasil panalungtikan ngeunaan karya sastra dina kajian Psikologi Sastra sarta nambahan pangaweruh umum ngeunaan sastra jeung Psikologi Sastra.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar rumusan masalah, tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) mikanyaho kumaha struktur carita (tema, fakta carita, jeung sarana sastra) novel *Lain Éta* Karya Moh. Ambri.
- 2) mikanyaho kumaha kapribadian para palaku dina novel *Lain Éta* Karya Moh. Ambri.

- 3) mikanyaho kumaha kritik kana kapribadian palaku dina novel *Lain Éta* tina sudut pandang psikologi.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tina Segi Tioritis

Sacara tioritis mangpaat panalungtikan ieu nyaéta bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan sastra jeung Psikologi sastra.

1.4.2 Mangpaat Tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi implikasi nu hadé pikeun pamaréntah, boh pamarénteh daérah boh pamaréntah nasional.

1.4.3 Mangpaat Tina Segi Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat, nyaéta:

- 1) bisa ngeuyeuban pangaweruh panalungtikan, hususna nu patali jeung psikoanalisis Sigmund Freud kana karya sastra;
- 2) bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda hususna nu patali jeung psikologi sastra nu larapna kana karya sastra Sunda;
- 3) bisa jadi sumber référénsi pikeun mahasiswa basa jeung sastra dina panalungtikan sastra Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu hasil panalungtikan studi dokumentasi dipidangkeun dina lima bab, anapon dintarana:

Bab I Bubuka. Anu dipidangkeun dina bab I ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan pasualan, tujuan umum jeung tujuan khusus dina panalungtikan, mangpaat panalungtikan boh émpiris boh tioritis, jeung raraga tinulis.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ulikan tiori anu diguar nyaéta ngeunaan novel, tiori strukturalisme, tiori psikologi sastra, tiori kapribadian, jeung tiori psikoanalisis kapribadian Sigmund Freud. Tiori nu digunakeun pikeun nganalisis luyu jeung kabutuhan sarta bisa ngadeskripsikeun dina hasil panalungtikan. Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, pasualan-pasualan anu jadi patalékan, sarta luyu jeung objek kajian panalungtikan.

BAB III Metode Panalungtikan. Dina ieu bab medar ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan, ti mimiti métode, téhnik ngumpulkeun data, *desain* panalungtikan, sumber data nu dipaké, ogé téhnik analisis data pikeun nyangking hasil nu dimaksud. Luyu jeung rumusan sarta tujuan panalungtikan.

BAB IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar hasil nu kapanggih dina panalungtikan, kalawan maké tiori-tiori anu geus ditangtukeun. Ieu pedaran hasil panalungtikan luyu jeung tujuan panalungtikan.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rekomendasi. Ieu bab medar ngeunaan kacindekan panalungtikan luyu jeung rumusan pasualan. Implikasi jeung rékoméndasi méré saran pikeun panalungtikan saterusna sangkan leuwih mundel, écés pikeun kamekaran élmu pangaweruh, utamana élmu psikologi sastra anu masih kénéh dianggap *tabu*, boh psikologi pangarangna boh hasil karyana, ogé psikologi pamaca.